


YON TEMWAYAJ SOU LANMÈ A

 Anvan nou bese tèt nou pou lapriyè, mwen ta renmen li enpe nan Pawòl Bondye a. Mwen toujou renmen li Pawòl Li, paske pawòl mwen yo ap fayi, yo se pawòl yon nonm, men Pawòl Li pa ka fayi. E nou menm k ap note tèks la, e latriye, annou li nan Matye chapit 14 la, aswè a, kòmanse ak vèsè 22 a.

Touswit apre sa, Jezi fòse disip li yo monte nan yon bato, li voye yo devan lòt bò lanmè a. Li menm, li te rete dèyè pou l te voye foul la ale.

Lè li fin voye foul la ale, li moute pou kont li sou yon ti mòn pou l lapriyè. Solèy . . . te fin kouche, li te la toujou pou kont li.

Bato a menm te gen tan yon bon distans sou lanmè a. Men, lanm yo t ap bat li, paske van an te kontrè pou yo.

Douvan jou, Jezi pran mache sou lanmè a pou li al jwenn yo.

Lè disip yo wè l ap mache sou lanmè a, yo te pè anpil, yo t ap di: Se yon espri. Yo pran rele tèlman yo te pè.

Menm lè a, Jezi di yo: Pran tèt nou. Se mwen menm. Nou pa bezwen pè.

² Annou koube tèt nou kounye a pou lapriyè. Pandan tèt nou ak kè nou bese devan Bondye, èske gen yon bezwen nan bilding lan, aswè a, ke w ta renmen fè Bondye konnen, nan leve men w, e pou yo sonje w nan priyè a? Se pou Seyè a konsidere w, gen pitye pou nou.

³ Papa nou ki nan Syèl la, n ap vini kounye a nan Prezans Ou, pa mwayen Seyè Jezi a ak Non Li. Nou konnen, avèk asirans beni, ke Li te pwomèt nou, si nou ta “mande nenpòt bagay” nan Non Li, ke Ou ta akòde nou li. Nou trè rekonesan pou sa. Mo yo pa ka eksprime fason nou santi nou konsènan sa, avèk asirans ke nou genyen, ke W ap koute nou kounye a menm.

⁴ Ou te wè men sa yo, Seyè. Ou konnen kisa yo te bezwen. Ou se Bondye omnisan, omnipotan, enfini an, e nou konnen ke Ou konnen kè moun yo. Ou te konn panse nou. Menm anvan nou te janm kreye, Ou te konnen tout panse ke nou ta janm genyen, paske Ou enfini.

⁵ Epi nou priye, Seyè, nan lè sa, alòske nou plase dezi nou devan Ou, gade nou depi nan Syèl la, Seyè, epi pran rekèt nou yo nan Pwòp kè W, Seyè, epi reponn nou selon richès Ou yo nan Laglwa. Ban nou dezi kè nou, ak konfyans ke se volonte Divin Ou. E nou konnen ke se bon plezi Ou pou fè volonte W.

6 Ban nou yon gwo devèsman Prezans Ou, aswè a, ankò Seyè. Geri malad yo. Sove moun ki pèdi a, resisite sila yo ki mouri nan peche ak move zak, epi mennen yo nan yon nouvo Lavi, aswè a. Se pou nou wè Jezi. Nou mande l nan Non Li. Amèn.

7 Nou mèt chita. Nou regrèt ke nou pa gen ase plas, pou met tout moun chita. Men, depi premye sware a, yo di ke yo te oblije voye yon gwo pakèt moun ale, kifè nou regrèt pou sa. E Frè Grant jis pat fin bati nèt yon lòt chanm, tou, pou . . . Mwen kwè se sou bò gòch la ke li pral deplase patisyon sa a. Presye, presye frè sa jodi a te mande m si m t a vle fè avèk sa yon bagay anyèl, pou retounen nan Dallas, nan legliz li. Yon si gran envitasyon konsa, nan moman sa, alòske pòt yo ap fèmen tèlman vit, epi alò mesye a vle m tounen epi fè yon bagay avèk sa, yon zafè anyèl. Mwen apresye sa.

8 Mwen te gen yon moman fratènite avèk yo maten an, ak Frè Gordon Lindsay ak anpil nan yo. Frè Pearry Green, ki se moun ki parenn reyinyon k ap vini an nan Beaumont, ki chita dèyè m isi a aswè a. E anpil, nan zanmi nou yo, Frè Don ak madanm li. Nou tèlman kontan genyen yo isi a. Se pou Seyè a beni yo.

9 Kounye a, aswè a, jis . . . Mwen t ap eseye rann Mesaj mwen yo jis osi senp ke posib, pou ke menm yon timoun te ka konprann yo.

10 Demen apre midi se yon sèvis evanjelizasyon, e mwen swete ke nou tout te ka asiste.

11 Kounye a si w gen sèvis nan pwòp legliz ou, franchman, ou—ou mèt rete kote w—kote w gen pòs ou a. Nou pa vle pèsonn kite pwòp legliz yo, pou . . . Epi si w malad epi ou vle vini pou yo priye pou ou, epi legliz ou a ap gen sèvis demen apremidi, pale ak pastè w sou sa, konsa li pa pral panse mal, ou konnen. Fè l konnen ke nou isi a pou kolabore, pou—pou ede tout Kò Jezikri a ki rete isi a nan Dallas epi nan zòn lan.

12 Alò, demen apremidi, mwen panse, a dezè trant, mwen gen pou m pote yon Mesaj evanjelizasyon. Epi nou pral priye pou tout moun malad yo, ranmase tout kat pou lapriyé yo ak bagay ki te rete pandan semèn lan, epi priye pou yo tout demen.

13 Kounye a sijè m lan aswè a se plis tankou yon ti dram, jis pou kèk moman. E m pral eseye priyé otan ke m kapab aswè a, pou malad yo. Tèks mwen an se: “Nou pa bezwen pè, se Mwen,” Se Jezi k ap pale. Sijè mwen an se: *Yon Temwayaj Sou Lanmè A*.

14 Li te dwe apeprè nan fen yon apremidi, solèy la dwe tap kouche lè sa te pase, e bon sa dwe te yon jou cho apeprè tankou sa ye isit la.

15 Èkondisyone a an pàn, e y ap travay sou li. Se pou rezon sa m te chanje sijè m lan apati de la, sou sa m ta pral pale a, konsa m te ka fè vit avè l, pou ke nou pa t a oblije chita nan chalè a konsa.

16 Gwo pechè sa a, apre li fin wè sa l te genyen pandan jounen an, t ap gade Jezi nan gran ministè Li.

17 Mwen ta renmen m te viv nan epòk sa a, pou te swiv Li. Men, ou konnen, mwen kontan mwen toujou gen privilèj pou fè menm bagay la, gade L ap fè bagay. E li pi gran pou obsève L jodi a pase sa te ye nan epòk la. Mwen gen plis lafwa nan Li kounye a, e mwen ka gen plis lafwa kounye a pase mwen te ka genyen nan epòk la, paske nou te gen de mil an pou pwouve ke Levanjil la jis. E apre de mil an, Li toujou vivan, ap fè jis jan L te fè nan epòk sa a, kifè nou gen yon pi gwo asirans ak yon pi plis fondasyon pou lafwa kounye a pase yo te genyen nan epòk la.

18 Paske, Li te jis yon Nonm ki t ap pwomennen ak yon deklarasyon ke—ke Bondye te voye Li e L te Pitit Bondye a, e ke Bondye t ap konfime Pawòl Li te pwomèt pou jou sa a, pa Li, e yo te ka on jan gen rezon pou doute de sa. Teyolojiyen yo, yo te! Epi remake se te yon bagay ki fè pitye, sa te reyèlman fè pitye, paske teyolojiyen sa yo t ap kwè Sa si Bondye pa t avegle je yo. Bib la di sa.

19 Epi èske nou te konnen Li te pwomèt ke Li t ap avegle je yo ankò jodi a, ke yo pa t ap wè l? Yo t ap “tèt di, gonfle lestomak yo, renmen plezi plis ke renmen Bondye, malonèt, fo akizati, entanperan, lènmi moun de byen; ki gen yon fòm pyete, men y ap renye Pwisans li a.” Jis egzaktman yon pwomès ki retounen drèt ankò. E nou pa ka fè anyen lòt ke jis santi nou gen pitye pou moun yo, epi je yo avèk jouk jodi a. Avèk Ekriti yo ke Bondye te pwomèt ki ta pral rive drèt nan jou sa a, nan lè sa a, e n ap gade l drèt epi obsève li. Epi moun yo gade, epi yo sekwe tèt yo epi mache al fè wout yo, yo di: “M pa wè sa.” Se yon bagay ki fè pitye, men poutan Ekriti yo dwe akonpli. Sa dwe pase konsa.

20 Kifè disip sa yo te chwazi pa Bondye. Èske nou te remake, Jezi te di yo: “Anvan fondasyon mond lan,” Li te chwazi yo, e yo te yon semans predestine Bondye. Se poutèt sa lè pwoblèm yo vini, epi moun yo te sanble ke yo te voye Jezi nan yon kwen, avèk yon kesyon, pat gen okenn kesyon pou yo. Yo pat ka konprann li, men yo te detèmine pou yo pa konn anyen lòt ke Li. “Ou sèl ki gen Pawòl Lavi a.” E yo te detèmine pou rete avèk Li, paske yo te destine pou fonksyon sa.

21 E se konsa l ye jodi a, ke gason ak fanm, ki destine pou Lavi Etènèl, pral vin nan Lavi Etènèl. “Tout sa Papa a ban Mwen va vin jwenn Mwen.” Sa se Pawòl Li, e sa pa ka fayi. Se—se Pawòl Bondye a.

22 E nou wè disip sa yo kounye a, ki te gen yon gwo reyinyon jou sa, nan yon gwo chan sou bò yon mòn. E Jezi te di yo: “Kounye a nou mèt al travèse lanmè a, anvan Mwen.” E Li t apral monte sou yon mòn, poukont Li, pou lapriyè. E disip sa yo, apre yo fin rankontre kèk zanmi, mwen ka jis imajine kijan yo te santi yo.

23 Paske, rankontre zanmi, epi apre sa pou dwe separe de zanmi sa yo; jis apeprè nan tan an ou fin fè konesans lan, se la ou dwe di orevwa. E sa te toujou yon jan de chagren pou mwen, atravè peyi a, atravè mond lan, pou rankontre zanmi epi lèfini pou kite yo, pou konnen ke gen anpil ke nou p ap wè ankò jiskaske nou rankontre yo nan Jijman an. Se yon bagay on jan tris.

24 Mwen ka imajine m bato a, avèk pati devan l lan—lan ki t ap avanse bò rivaj la. E sa dwe se te Simon Pyè, ak gwo bra miskle ak zepòl li yo, ki te pouse bato a pou l fè demitou epi te dirije l nan lanmè a. Epi yo tout t ap di orevwa a sa yo ki sou rivaj la. Epi yo t ap rele: “Retouren ankò epi mennen Mèt la pou wè nou! Epi vin fè yon lòt revèy; nou te sitèlman beni jodi a!” Epi nouvo zanmi yo t ap fè orevwa ak men yo. Epi li te grenpe anlè rès disip yo, e li te chita petèt bò kote frè l la, Andre, epi yo te ponyen zaviwon yo.

25 Bato yo—yo nan epòk sa te pouse swa pa van an oswa pa zaviwon ke yo te rale. Epi petèt yo te chita de nan yon bato, de sou yon bò, e yo ta . . . oswa de nan yon sèl chèz, pito, petèt sis oswa uit bagay pou kenbe zaviwon yo. Yo t ap rale an kadans, e fason sa a yo te ka kenbe bato a sou kiy li lè tanpèt yo te dechennen. Alò, lè van yo t ap soufle nòmalmman, yo te ka monte yon vwal, epi navige.

26 Sa te dwe yon apremidi cho, dapre sa Lekriti montre jis anvan evènman sa, e kifè li dwe te yon apremidi vrèman trankil, ak solèy epi cho. Solèy la t ap kouche. Epi yomenm, kòm yo te rame, epi answit yo te lage zaviwon yo epi yo te di moun yo orevwa: “Nou espere wè nou ankò yon lè,” pandan yo t ap deplase al nan lanmè a. Epi solèy kouche a, epi labrin diswa, epi apre yon ti tan fènwa a—a antre.

27 E yo dwe te pran yon trè bon vitès antan—antan yo t ap rame, e sa se yon djòb di lè gwo zaviwon lou sa yo plonje nan lanmè a. E pi fò nan yo tout te—te pechè, ak gwo gason vanyan, abitye ak lanmè a. E kifè kòm yo t ap tann Jezi monte nan yon bato epi vin jwenn yo, trè byento. Enben, yo te kite bò rivaj la, epi yo dwe te jis ale dousman yon ti kras; yo on jan mete kannòt la an mouvman, epi apres a yo lage l.

28 Petèt jèn Jan te dwe premye moun ki te pran lapawòl, paske li te pi jèn nan gwoup la. E se dwe li ki te di: “M jis on ti jan fatige. Ann al dousman yon ti kras. Tann yon minit, nou pa bezwen prese. Li poko rive, kifè nou ta fè osi byen tann yon ti moman pito epi pran yon bon souf lè”

29 Epi pandan l te chita la ak tèt li yon ti kras bese, li dwe te kòmanse yon reyinyon temwayaj. E se sou sa m vle pale. Li dwe se te li ki te leve an premye, e ki te di: “Frè yo, kèlkeswa sa moun yo di, e konbyen yon moun pa vle kwè, mwen sètènman sètèn kounye a, apre jodi a, ke nou p ap swiv yon enpostè. Nou p ap swiv anyen mwens ke Bondye, paske pa gen okenn moun ki te ka

fè sa Li te fè jodi a sòf si se te Bondye. Nou konnen, lè Li te pran biswit sa yo epi L te kase yo, epi L te nourri senk mil sa yo la, sa se bagay ki pi etonan pou mwen. Te ka gen yon kesyon jouk jodi a,” kounye a mwen jis ap repete temwayaj li jan l te ye a, “men sa te regle l.”

³⁰ Li di: “Mwen ka sonje plizyè lane de sa. Mwen te konn viv toupre Jouden an. E m ka sonje, antan m te yon ti gason, kijan bèl manman Jwif mwen an te konn abitye pran m, nan apremidi, epi mete m sou kwis li epi balanse m, deyò sou galri a, lè kokeliko yo t ap fleri sou bò rivaj Jouden an. Epi li te konn gade nan direksyon dezè a, depi kote yo te mennen moun nou yo nan dezè sa a. Li te konn rakonte m istwa Bib la. Youn nan gwo istwa ke m sonje, se te fanm Sinamit la e lè ti gason l lan te mouri a, e—e pwofèt la te resisite ti gason sa a sot nan lanmò. Sa te konn abitye yon istwa eksitan.

³¹ “Men youn nan istwa ki pi eksitan, e manman te konn rakonte m, li te di: ‘Bon, Jan, ou se jis yon ti gason; men mwen vle w sonje, pandan w ap grandi, ke, gran Jewova te fè pèp nou an soti kite Lejip, e nou te travèse dezè sa a lòt bò rivyè a la. Epi tout pandan karantan, yo te vwayaje nan dezè sa, nanpwen okenn kote pou jwenn rad, e nanpwen okenn kote pou manje. E Bondye te fè lapli pen tonbe sot nan syèl la, chak swa, e Li te nourri pèp nou an nan dezè sa, paske yo te nan liy devwa a, ap swiv gran Jewova. E kounye a, yon jou, Jewova pral vin fèt chè isi a sou tè a, nan fòm yon Nonm, yo pral rele L Sila ki wen an, Mesi a.’

³² “E m sonje,” li te di, “antan ke yon ti gason, kijan lespri ti gason m lan te konn chache konprann, eseye konprann: ‘Kijan Bondye te nourri tout sa yo, de milyon edmi moun, nan dezè sa a? Kijan Li te fè jwenn tout pen yo?’ E m te konn mande manman: ‘Manman, èske Li te, èske—èske Jewova gen gwo gran pakèt fou anwo la nan syèl la, e Li te fè kwit tout pen yo, epi kouri desann lannwit epi mete l deyò atè a—a, pou moun yo, e gwo syèl Jewova a ranpli ak fou?’ Li te di: ‘Non, pitit gason m, ou twò jenn pou w konprann. Ou wè, Jewova se yon Kreyatè. Li pa bezwen fou. Li jis pale, e Pawòl Li manifeste lè L pale. Li se gran Jewova, e Li jis pwononse l. Epi Zanj yo distribye l anba a sou tè a, pou moun yo.’

³³ “E jodi a, lè m te wè L kanpe la, èske nou te remake rega sa a sou figi Li? Pa t gen okenn dout nan lespri L. M te grenpe dèyè wòch la, epi m te obsève L antan L te pran pen sa epi L te kase l, epi remèt li bay. . . Minis li yo, nou menm, pou distribye l bay pèp la. Epi lè Li te vire tounen pou l kase ankò, pen sa a te vin antye ankò. E Li te fè sa plizyè santèn fwa, jiskaske tout moun te ranpli, e te gen panyen, plen, ke yo te pote ale. Mwen konnen sa pa ta ka anyen mwens ke Jewova, paske Li te ajì tankou Jewova. Se sèl Jewova ki ka kreye. E mwen konnen ke Nonm sa pa yon

enpostè. Gen yon sèl Kreyatè sèlman, e se Jewova. E kounye a, nan tout bagay m te wè yo, sa te konvenk mwen.

³⁴ “Mwen vle nou konnen kounye a ke kè m soumèt nèt, e mwen kwè konplètman ke Li pa sèlman yon pwofèt. Li se yon pwofèt, men Li plis pase yon pwofèt. Li pa anyen mwens ke Jewova Bondye ki abite nan mitan nou, paske Li te kreye pen, e Li te gen abitud Jewova. Se pa etonan Li te ka di: ‘Si m pa fè zèv Papa M yo, alò pa kwè M; men si m fè zèv Papa M yo, e nou pa ka kwè M, kwè zèv yo, paske yo temwaye de Mwen epi yo di Kiyès Mwen ye.’ Te sanble pou mwen moun yo te ka wè sa, fasil.”

³⁵ E Jan te satisfè ke Li te Mesi a, Sila ke Ezayi te di a: “Pou nou yon Pitit fèt, e yo pral rele Non Li Konseye, Prens Lapè, Bondye Pwisan, Papa Etènèl.” E Jan te konvenk poutèt sa l te wè a. Jèn kanmarad la t ap bay temwayaj li.

³⁶ Apeprè nan moman sa, Simon Pyè te di: “Ebyen, kounye a, jis yon minit. Si nou pral gen yon reyinyon temwayaj, m ta renmen gen yon bagay pou m di. Nou konnen, mwen te ensèten anpil sou tout bagay la, lè Andre frè m lan, ki te asiste revèy pwofèt Jan an, ki te temwaye ke Mesi a t ap vini e li ta pral prezante L. E m te yon tikal ensèten konsènan sa Andre ta di m, paske m te tande tout kalite istwa Mesi ak tout lòt bagay.

³⁷ “Men nou tout frè yo sonje vye papa m lan. Li te rele Jonas. E nou sonje l, jan li te yon kwayan trè fèm. Kijan m ka sonje manman ak papa, ak nou tout, kòm nou te fè lapèch pou viv, e nou pa t pran okenn pwason; nou te bezwen pen, e kijan nou te bese atè a pou priye Bondye: ‘Ban nou yon priz jodi a, Bondye, pou nou te ka an mzi pou vann pwason nou an, epi peye dèt nou yo, gen manje pou nou manje.’ E kijan nou te pati sou lanmè a, nan tanpèt la, epi oze pou—pou fè fas a tanpèt sa yo.

³⁸ “E papa, m ka wè cheve gri l ki pandye sou do l, yon jou pandan li te chita sou balistrad bato a epi li te pale avè m, li di: ‘Simon, ou se pi gran pitit gason m. Ou konnen, mwen te toujou kwè, Simon, ke mwen t ap wè Mesi a. Pèp nou an ap tann Li depi Edenn. E nou sèten ke L ap vini, kèlkeswa tan sa ap pran an. Sa fè kat mil an de sa, ou va di. Men mwen kwè ke Mesi a pral vini. E chak Jwif te kwè ke li ta pral wè Mesi a nan jenerasyon pa l la. Mwen espere wè L nan jenerasyon mwen an. Men sanble, m ap vin granmoun kounye a, m dwe kite lanmè a, epi m kòmanse gen doulè ak kò fè mal, petèt mwen p ap wè L nan tan pa m lan. Men petèt ou va wè L, pitit gason m lan.

³⁹ “E mwen vle fòme w nan Lèzekriti. Pitit gason m, anvan Mesi a parèt sou sèn lan, pral gen tout kalite bagay k ap pase, tout kalite fo bagay, paske Satan pral fè sa, pou detwi enfluyans vrè Mesi a lè L vini.” Sa te toujou pase konsa; se menm jan an ankò.

⁴⁰ Epi nou dekouvri, li te di: “M sonje li te pase bra li toutotou mwen, li di: ‘Pitit gason mwen, gen yon sèl fason ke w ap kapab

idantifye Mesi sa. Kounye a nou te gen plizyè santèn lane san okenn pwofèt. Malachi te dènye pwofèt nou an. Sa fè katsan lane de sa, nou pa t gen yon pwofèt. Men sonje, Moyiz te di nou, nan Lèzekriti, ke, lè Mesi a vini, Li t ap yon pwofèt, lè Li te parèt sou sèn lan. Noumenm Jwif yo anseye nou pou nou kwè pwofèt la. E vwajaj Mesi a sou tè a se yon Pawòl Bondye pwononse, ke Li te pwomèt nou. E Pawòl la toujou vin jwenn yon pwofèt, e yon pwofèt konfime Pawòl sa. Piga w janm bliye sa, pitit gason m! Petèt gen gwo bagay k ap parèt, ka gen gwo eksitasyon ak—ak gwo bagay. Men sonje, Mesi a pral yon pwofèt, paske nou konnen ke Bondye pa janm chanje fason Li, e Li te di Mesi a ta pral yon pwofèt. Kifè sonje, pitit gason m, pwofèt yo se sila yo ki gen Pawòl Seyè a. E lè Mesi a vini, Li va yon pwofèt.’

41 “Mwen ka jis toujou santi bra li,” Simon te di, “kòm li te mete l toutotou mwen. E Andre te kanpe la ap lave nas la, nan moman an. Ou sonje sa, Andre?”

“Wi, Simon, mwen—mwen sonje sa.”

42 “E Andre ki t ap eseye di m ke Jan sa te yon pwofèt. M te gen lòt bagay pou m fè, fòk mwen te vann pwason an ak lòt bagay. Kifè papa te mouri depi plizyè lane, men m te toujou kenbe sa nan lespri m; papa te di: ‘Mesi sa ta pral yon pwofèt ke Lekriti idantifye, epi pa bliye l, paske se yon Pawòl Bondye pwononse. E Pawòl sa a toujou ap vin jwenn pwofèt yo san rete; sa ki idantifye l, oswa te manifeste sa ki te pwomèt pou laj la.’”

43 Epi bon Simon: “Yon jou,” li di, li di, “ou konnen, Andre te mande m pou m al nan yon reyinyon. E m te desann la al nan reyinyon kote Òm sa a, Jezi, te ye a. E m te tande tout kalite rimè. Te gen yon Jezi ki te parèt, anvan Li, ki te pwomèt kèk gwo bagay, ki te kondwi katsan moun dèyè l e yo tout te peri, e latriye. Mwen te panse se te jis yon lòt kalite nan yo, ak kèk kalite gwo eksitasyon pou kèk revèy, oswa kèk gwo denominasyon yo ta pral fè. Men yon jou mwen te panse mwen ta prale avèk Andre isi a, frè m lan.”

44 E m ka imajine, apeprè nan lè sa, bato a kòmanse sekwe. Yon moun kòmanse rele, epi li di: “Chita! Pa balanse bato a. Tann yon minit. Chita trankil.”

45 Epi li di: “Ou konnen, lè m te desann la pou m te prezante m devan L, premye fwa a, Li te gade m tou dwat nan je epi L te di m kisa non m te ye. Li pa t janm wè m anvan. Non sèlman Li te konnen m, men Li te konnen nonm sen sa a vye papa m lan, ki te enstwi m nan Lèzekriti. E m te konnen ke Sa se te Mesi a. Sa te regle pou mwen, la menm. Se te sa. Sa se te prèv la, pou mwen.”

46 Filip dwe te di: “Èske m ka di yon mo la?” Bon li di: “Frè Natanayèl, pa kite sa fè w mal; paske, ou konnen nou te etidye woulo yo pandan plizyè lane epi plizyè lane, pou wè kisa Mesi a ta pral ye. Men lè m te wè L ap fè sa, m te pati epi m te pran zanmi m lan isi a, Natanayèl. E lè l te vini . . .”

Natanayèl di: “Kite m di l. Kite m di l.”

47 O, ou konnen, gen yon bagay konsènan lè Jezi te fè yon bagay pou ou, ou—ou jis apèn pa ka rete trankil, ou dwe rakonte l, oumenm. Èske se pa vre? Si se yon bagay reyèl, ou jis dwe di l. Lè Li te ranpli m ak Sentespri a, mwen vle pale de sa. Mwen vle yon moun konnen sa. Se pa yon lòt moun ki di l; Mwen vle di li, mwenmenm.

48 E m jis imajine, Natanayèl te vin chofe epi l di: “Ou konnen, m ta renmen di sa. Mwen te gen yon ti dout sou ou, Filip, lè ou te pale m de sa. Mwen te mande w: ‘Èske yon bon bagay te ka soti nan Nazarèt?’ E ou te ban m meyè repons ke yon nonm te janm genyen: ‘Vin wè.’” Sa mache byen jodi a. Se vre. Pa rete lakay pou ap kritike. Vini, chache konnen pou tèt pa w, ou wè. “Li di: ‘Èske yon bon bagay ta ka soti nan Nazarèt?’ Li di: ‘Vin wè pou tèt pa w.’ E ou konn sa w te di m.

49 “E lè m te avanse nan Prezans Li, e Li te di m ke m te ‘yon—yon Ebre, yon Izrayelit, e m te yon nonm onèt,’ mwen te konnen sa.

50 “Men m t ap mande, ‘Kouman sa te ka fèt?’ Li te sanble ak yon nonm òdinè. Mwen t ap atann Mesi a desann nan yon koridò annò yo sot nan Syèl la, drèt jouk nan tèt denominasyon an isi a, nan Jerizalèm, mache soti epi di: ‘Kayif, Mwen rive.’ Men yo te dekouvri, Li te soti Nazarèt, nan yon fanmi pòv; e an reyalye on jan de move repitasyon dèyè Li, kòm ‘yon timoun ki pa lejitim.’ Men L te kanpe isi a, abiye ak rad òdinè, pa tankou yon prèt oswa yon moun; jis yon nonm òdinè. E m te panse, lè m te avanse la: ‘Kijan sa ka yon Mesi? Yon vye rad sou li, Li te mete depi L te yon jènòm, epi men menm rad sa a sou li; ak cheve L pandye desann sou do L. E tankou yon nonm òdinè nan lari a.’

51 “E Li te gade m nan figi m, epi Li di: ‘Anvan Filip te rele w, lè w te anba pyebwa a, M te wè w.’ Sa te regle pou mwen. Mwen te konnen, pa Pawòl la, ke se te Mesi a. Se te Li.”

52 Epi bato a dwe te sekwe, e reyinyon temwayaj la t ap kontinye. O, ala yon moman mèveye yo t ap pase, sou lanmè a la, jis ap pase yon gran moman.

53 Andre di: “M ta renmen di yon bagay ki on jan entrige m pou yon ti moman. Nou sonje lè nou—nou t ap desann Jeriko? Li di: ‘Nou dwe monte; Mwen bezwen ale nan Samari.’ Kifè, Li te monte Samari epi laba a nan vil Sika, lè Li te voye nou tout al achte pwovizyon nan vil la.”

54 “O, wi, mwen sonje sa, ebyen!” Yo tout: “Wi, wi!” Bato a te jis ap sekwe, tout moun te gen yon temwayaj mèveye apre revèy la te fini. Kifè yo t ap fè reyinyon temwayaj sa.

55 Epi li di: “Wi, e nou sonje nou te tounen vini dousman, epi, nan sezisman nou, nou te wè Mèt nou an ap pale ak yon pwostitye notwa. ‘En-en,’ nou te panse, ‘sa pa bon. Gade L la k ap pale ak

jenn fanm sa. E Li te voye nou ale, e men Li isi a ak fanm movè repitasyon sa ki chita isi a.’ Sonje, nou te kanpe jis dèyè touf bwa yo, e nou te tande konvèsasyon yo.

56 “E nou te tande L di l: ‘Madanm, al chache mari w epi vin isi a.’

57 “E nou te di: ‘Ebyen, nou te ka fè erè, petèt fanm lan te jis marye legalman.’

58 “E manzè te tounen gade L nan figi, epi l di: ‘Mesye, m pa gen okenn mari.’

59 “Ou sonje kijan kè nou te kase? Gran Mesi nou an ke nou te gen konfyans nan Li a, men yo te pran L nan yon manti, nan chalè konvèsasyon an, paske Li di: ‘Al chache mari w,’ e li te tounen temwaye ke li pa t gen mari. Kounye a sa te vire tounen kont Li. Sonje kijan nou tout te sanble nou sezi, e souf nou te koupe?”

“Wi, mwen sonje sa.”

60 “Epi apre sa nou sonje pawòl ki vin apre yo? Li di: ‘Ou di laverite, paske ou te gen senk, e sila w ap viv avè l kounye a se pa pou ou.’ O, nou sonje reyinyon temwayaj la dèyè touf bwa a? O la la!” Ou wè, ou pa ka kwense L. Li se Bondye. “O,” Simon di, “sa jis . . .” Andre di: “Sa te regle pou mwen.”

61 Batèlmi te di: “Tann, mwen ta renmen mete yon temwayaj. Èske m ka fè sa, frè yo?”

62 “O, ebyen, mwen sipoze ou kapab, nou gen anpil tan. Li poko vini, kifè nou pral jis fè kèk kout ram. Kontinye, Batèlmi, ou mèt temwaye.”

63 “Ebyen, youn nan gwo bagay yo pou mwen, ou sonje sè nou anba a nan Jeriko, ki rele Rebekah?”

“Wi.”

“Epi mari l te dirije yon restoran anba la.”

“En-en.”

64 “E—e li te yon biznismann, e yo te rele l Zache.”

“Wi, wi, mwen sonje l byen.”

65 “Ou sonje, li te—li te youn nan sè nou yo. Li te kwè nan Seyè a, e li te sitèlman pè ke Zache ta kite tout bagay pase san l pa asepte Jezi. E, o, Zache te youn trè bon zanmi pou prèt la la a. E alò manzè t ap priye pou yon bagay ta rive pou je l ta louvri, e li t ap rekonèt ke se te Mèt la, sa se te Pawòl Bondye konfime, ki te fèt chè nan mitan nou. E nou te eseye di manzè . . . di misye sou kijan ke Jezi Nazarèt te konnen sekrè yo ki nan kè a, sa ki montre ke Li te Pawòl la, paske Pawòl la disène panse yo ki nan kè a.

66 “‘Tenten,’ li di, ‘mwen kwè prèt la. Sa prèt la di a bon ase pou mwen.’ Paske li te fè pati de tout asosiyasyon nan vil la—la, Kiwanis yo ak tout lòt bagay, ou konnen, kifè li . . . li te on jan difisil pou l lage sa. Kifè Rebeka te mande nou tout pou priye—

pou priye. E chak fwa nou te vin sou sijè ke Li te yon pwofèt, li te di: 'Tenten! Prèt la di: "Li se Bèlzeboul. Li se yon demon. Li fè sa pa pwisans dyab la. E Li jis ap fè telepati mantal. Se tout sa k gen ladan l. Pa gen anyen ladan l." Kifè pa gen yon bagay konsa jodi a; nou pat gen pwofèt depi plizyè santèn lane. E kijan Misye sa te ka fè, pa menm ak yon kat manm asosiyasyon an, kijan Li te ka janm yon pwofèt? O, nanpwen mwayen pou Li te yon bagay konsa!'

67 "Men, ou konnen, Rebeka te kontinye kenbe la, madanm li, epi l ap priye. Epi yon jou maten lè Jezi t ap antre nan vil la, ebyen, alò nou dekouvri ke, Rebeka te di nou ke Zache te soti nan lari a—a, pou wè Li. Kifè li pa t kwè Li te yon pwofèt, kifè li te di: 'M pral jis gade L byen,' kijan li te temwaye ban nou nan restoran an lòt jou a lè nou t ap manje a. Alò li te grenpe sou yon pye sikomò, epi li di: 'Ou konn kisa, m pral jis kache m anlè a isi a pou L pa kapab wè m. Mwen se yon ti bonnonm, tout jan, trè kout. E mwen pa ka wè L anba la, nan yon foul moun, kifè mwen pral jis grenpe isi a nan pyebwa a.' Epi li te monte kote de—de branch rankontre, e li te chita la, bò kote branch sa yo."

68 Sa se jis yon bon kote pou chita epi etidye l. Se kote de chimen rankontre, pa w ak pa Bondye; lide w yo. Sa se yon bon bagay, pou reflechi sou sa.

69 "Kifè li te di: 'Ou konn kisa, Li dwe te yon pwofèt. Li te ka sa. Li te ka posib ke mwen antò. Kifè mwen pral di nou kisa, mwen pral byen gade L; e Li p ap konnen m. Alò mwen pral jis pran tout fèy yo epi rale yo konsa, toutotou mwen, epi m va kache tèt mwen pou Li pa menm wè m ditou. E m ap gade L lè L ap pase. E si Li pa sanble ak yon moun de byen, m ap ba L yon moso nan panse m, antan m chita anwo isi a nan pyebwa sa a.' Alò li te gade, e li te gen yon fèy li te ka solve pou wè L lè L tounen nan kwen an.

70 "E lè Li tounen nan kwen an, L ap mache desann nan lari a, ou konnen, L ap gade sòt nan yon bò al nan yon lòt, epi disip yo t ap di: 'Kanke sou kote. Ekskize m.' Epi moun ak timoun malad ak bagay sa yo. 'Ekskize m, Mèt la fatigue anpil; gran sèvis sa yè swa.' Epi, tankou jennjan de byen: 'Èske nou ta vle kanpe sou kote souple epi kite L pase, pandan L ap fè chimen Li desann nan vil la, e èske nou ta vle jis kanpe sou kote souple?' Epi Zache te chita anwo la a nan pyebwa a, ap gade L anba.

71 "E Jezi vin tou dwat anba pyebwa a, Li te kanpe, Li te gade anlè epi L te di: 'Zache, desann soti la. Mwen pral lakay avè ou pou jodi a, pou dine.' Sa te regle pou mwen. Li te konnen li te anwo a la, e L te konnen non l, kisa l te ye. Sa te regle. Sa se Mesi a, pou mwen. Wi, mesye. Paske, nou konnen Mesi a te dwe fè sa. Sètènman. Kifè Li te dwe al lakay avè l, Li te di, jou sa pou dine. Ala yon gran moman sa te ye! Nou sonje sa."

72 Nou konnen, sa dwe te apeprè nan moman sa, reyinyon temwayaj la t ap dewoule. Nou konnen, pandan disip sa yo te la a sou lanmè a, ap temwaye, li dwe se te la a nan fènwa lannwit lan yon kote, nan tè ki nan nò yo la, ke Satan dwe te monte anlè ti mòn lan epi te gade anba. Li te gade nan reyinyon temwayaj sa a, e li te dekouvri ke yo te pati san Li. Men chans li te la a.

73 Ou wè, mwen panse ke sèn sa jis prèske retounen ankò, l ap repete tèt li. Yo te, nan eksitasyon revèy la, yo te pati san Li. E mwen kwè ke se anpil bagay ki rive nou jodi a, ke, nan lè konfizyon sa, epi apre gwo revèy sa ke nou temwen de li a. Li te baleye lemond antye. Chak nasyon te gen dife revèy ki te limen, epi ap boule; gwo sèvis gerizon; moun k ap resevwa Sentespri a, pa dizèn de milye de fwa de milye. Epi nan eksitasyon nou, tankou disip sa yo k ap temwaye kisa Li te fè, “e, o, nou te wè L fè *sesi*, e nou te wè L fè *sela*,” mwen kwè nou te pati tankou yo, san Li.

74 Nou te lanse nou nan gwo gwo opòtinite ke—ke revèy la prezante. Nou te lanse nou nan opòtinite pou fè anpil lajan, legliz yo, pou bati pi gwo bilding, gwo gwo plas pou plizyè milyon dola, gwo lekòl, sistèm edikasyon, epi fè denominasyon nou an gwosi. Epi gen pwogram kominis nou yo, antikominis, se sou tout sa nou ka pale jodi a. E premye bagay ou konnen, Satan wè nou ak pwogram antikominis nou yo, ak gwo pwogram denominasyon nou yo, epi ak “yon milyon an plis” nou an, e latriye, jan yo genyen an.

75 E nou te pati san reyinyon priyè ansyen mòd yo ak retou batèm Sentespri a, jouk dife a kòmanse etenn. Ou ka rele, epi eseye mennen moun yo devan lotèl la, epi yo jis mache vini tankou yo te prèske mouri, yon laperèz pou vini. Epi lè yo mande minis yo pou yo vin priyè avèk yo: “O, poukisa li mande m sa?” Epi yo avanse la, e se tèlman difisil pou fè yo avanse. Epi yo rete la jis pou kèk minit, yo leve je gade w, epi yo retounen epi y al chita nan plas yo. Dapre mwen, dife a etenn! Gen yon bagay ki te rive. Tande! Sa nou bezwen se yon revèy, pou ke pechè yo, wè Kris, repanti, kouri al devan lotèl la ak men yo anlè, ap rele pou mande pitye, e tout legliz la se yon flanm dife, ak glwa Bondye.

76 Eksitasyon nou pou opòtinite pou fè denominasyon nou yo gwosi, nou te bati pi gwo lekòl pou edike minis nou yo, epi voye yo pi lwen Bondye pase yo te ye nan kòmansman an. Yo pa konnen Bondye pa edikasyon. Se pa avèk teyoloji yo konnen L. Yo konnen Bondye pa lafwa. Ou pa ka eksplike Bondye. Li depase eksplikasyon.

77 Gade kisa sa fè, nou menm moun Pannkotis yo ki te abitye pannkotis. Medam nou yo koupe cheve yo, mete makiyaj. Mesye nou yo pèmèt sa. Minis nou yo pèmèt sa. Yo pè di yon bagay sou sa. Legliz la va mete yo deyò si yo fè sa. O, nou vrèman bezwen

yon menaj, depi sou chè a dirèk jouk nan sousòl la. Se yon wont. Se yon wont.

⁷⁸ Yon mesye vin jwenn mwen, sa pa fè lontan, epi li di: “Frè Branham, moun yo renmen w.” Men li di: “Ou toujou ap kriye sou yo, ap kriye sou fanm sa yo, konsènan gen cheve kout ak bagay konsa.”

Mwen di: “Bib la di se te yon wont pou li genyen l kout.”

⁷⁹ Li dezonore mari l lè li fè sa. E se absoliman yon siy ke ou kite Bondye. Sonje, nan ka Samson, cheve long se te yon siy Nazireyen ke li te kite mond lan, pou Pawòl Bondye a. E lè nou koupe cheve nou, fanm yo, nou renye siy Nazireyen nou. N al jwenn Hollywood olye pou nou retounen nan Bib la. Bib la di: “Piga nou raze yo.” Ou wè, se yon wont, e minis yo pa di anyen sou sa.

⁸⁰ Mesye sa di m: “Poukisa w pa kite fanm sa yo trankil?” Li di: “Yo konsidere w tankou yon pwofèt.”

Mwen di: “Mwen pa t janm di m te yon pwofèt.”

⁸¹ Li di: “Se konsa yo konsidere w. Anseye yo kijan pou resevwa don espirityèl epi fè yon bagay. Ou ta dwe anseye yo gwo bagay, bagay enpòtan.”

⁸² Mwen di: “Kijan m ka anseye yo aljèb lè yo p ap menm aprann ABC yo, kijan pou viv desan ak sa? Kijan w pral fè l? Wi, desann nan premye bagay la.”

⁸³ Ane apre ane, m travèse peyi a, e sa vin pi mal tout tan. Gen yon bagay ki pa bon yon kote, se pa ak Pawòl la. Se pa etonan nou pa ka gen dife revèy k ap boule. Nou bezwen yon gran menaj. Bondye p ap janm fè sa jiskaske nou retounen ankò. Nou bezwen yon gran menaj.

⁸⁴ E nou menm gason, ki kite madanm nou fè yon bagay konsa, mete bout pantalon! Sa yo se pa Metodis, Batis. Sa se Pannkotis, se vre, “fòm pyete, Laj Legliz Lawodise a, tyèd,” Pannkot nan non, se tou. Pannkot se pa yon non, se yon eksperyans batèm Sentespri a, ki netwaye moun yo. Se pa etonan nou pa ka gen gwo sèvis gerizon ak bagay sa yo, gen yon bagay ki pase mal yon kote. Se Satan, ki te wè nou ap eseye. . .

⁸⁵ “Ebyen, si nou di nenpòt bagay sou sa, yo pral chanje afilyasyon manm yo.”

⁸⁶ Sonje, nou pa dwe dòlote Kretyen yo. Kretyen yo rezistan. Yo se gason ak fanm Bondye, ki kanpe pou Bondye, kèlkeswa sa nenpòt lòt moun gen pou di. Ou pa bezwen sipliyè yo epi konvenk yo, epi pafimen yo epi dòlote yo tout tan. Sa se sèr, pou plant ibrid, sa pa bon ditou, yo p ap janm pwodwi anyen.

⁸⁷ Sa fè m sonje, tankou yon. . . Talè konsa se pral tan pou fè nich. Mwen te remake ti zwazo jodi a, laba a, ti zwazo madan sara k ap sanble pay nan nich yo. Sa p ap pran tan jouk yo pral

fè nich yo, fè ti ze yo kale. Ou konnen, yon ti zwazo ka gen yon nich ze, epi li ka chita sou nich ze sa, epi li vire yo chak kèk minit; pran ti pye l yo epi vire yo, epi li chita la. Kounye a, si li kite ze yo vin frèt, apre yo fin chofe yon fwa, yo p ap kale. E li jis vole ale epi pran yon bouche manje, epi retounen dwat sou yo ankò.

⁸⁸ E ou konnen, vye manman zwazo sa, li te ka chita la sou ze sa yo, epi vire yo chak de minit, epi pa . . . menm al fè sakrifis epi fè jèn jiskaske li sitèlman pòv ke li pa ka kite nich la. Men sof si, alò, manman zwazo sa te an kontak ak zwazo mal la, ze sa yo p ap kale. Pe enpòt kisa, konbyen ou bèse yo, yo p ap kale. Yo pral kouche drèt nan nich la epi pouri.

⁸⁹ E si jamè te gen yon tan ke Lapannkot ta dwe jwenn ak Konpayon an, Jezikri; paske nou pa pwodui anyen ke yon nich plen ak ze pouri, ki renye Lafwa a, ki pral nan Konsèy Ekimenik la, epi rele sa gwo bagay, pou chita bò kote pap la, epi di “sa espiritiyèl.” Kisa nan mond lan ki pwoblèm lan, nou menm moun Pannkotis yo? Èske nou pa konnen ke Bib la te di bagay sa yo t ap rive? E nou rele paske Metodis yo ak Batis yo ap vin jwenn nou, ak tout lòt bagay sa yo konsa. Èske nou pa reyalize ke lè vyèj k ap dòmi an vin achte Lwil, se te menm lè a ke Lepou a te vini? E yo pat jwenn Lwil la! Ou konnen, Anlèyman an pral tèlman vini an sekre, epi depa a, youn nan lè sa yo, ou p ap menm konnen sa rive. L ap pati, epi w ap mande w sa k te pase.

⁹⁰ Tankou Jan te vini sou tè a. Epi yo te di L, yo di: “Ebyen, Bib la di, Eli dwe vini anvan.” Li di: “Li deja vini, e nou pat konnen sa.”

⁹¹ Se konsa l ap ye, yon jou, yo va di: “Mwen te panse sa te dwe rive anvan peryòd Tribilasyon an. Mwen te panse Anlèyman an te dwe fèt.” Pawòl yo te ka retounen: “Sa te deja rive e ou pat konn sa.” En-en. Li ka pi ta ke w panse. O, reveye w, legliz! Pito m kite sa; Mwen pa janm vin isi a pou doktrin, mwen te jis panse pase w sa a jis pou w te ka gen sa sou kote.

⁹² Sonje, frè, Satan te wè gwo pwogram sa yo, yon legliz k ap eseye depase lòt la, yon denominasyon k ap eseye depase yon lòt, k ap retire tout iletre yo epi yo dwe ba yo yon tès sikoloji, gen yon sikològ pou teste yon nonm anvan li ale nan chan misyon yo. Pannkot! Non, se—se—se pa Presbiteryen yo, sa se Pannkot. Yon tès sichik yo egzije pou yon sèten gwoup Pannkotis, gwo gwoup, anvan misyonè yo ka pran chan an.

⁹³ E si yo te gen yon tès konsa? Yo te gen yon tès. Se te yon tès pannkotis nan kòmansman an, lè yo te tann nan chanmòt la jouk te gen Dife ki te soti Anwo a, ak Pwisans Bondye a. Se te tès la sa.

⁹⁴ Se pa kèk sikològ monn lan, mwatye sou ki kanpe la ap eseye fè panse a, si w on ti jan eksite, oswa yon bagay, pou di: “Ou detrake nèt ale.” Kan, sa pwouve absoliman ke yon nonm ki ekstrèmman espiritiyèl li nève, li dwe nan kondisyon sa pou

antre ladan L. Kifè men ni, ou wè, epi sa y ap fè se jis gagòt nan sa Bondye ap eseye fè depi plizyè lane, epi men yo ki la ak pwogram yo ak gran . . .

⁹⁵ Yo kontan anpil lè yo wè anpil moun ki rasanble ansanm. Yo di: “Si m te ka fè yo tout vin Asanble! Si m te ka fè yo tout vin Initè! Si m te ka fè yo tout vin Metodis!” Metodis yo ap eseye fè yo tout vin Metodis, Batis la ap eseye fè yo tout vin Batis, Pannkotis yo tout vin Pannkotis! O, ou pa ka fè anyen sou sa, Bondye te predestine sila yo depi nan fondasyon mond lan. Nou dwe preche Levanjil la. Se tou. Men, ak gwo pwogram nou yo, nou te pati san Dife sa. Nou te pati pou nou fabrike pou tèt nou yon dife ki fèt nan kay, jan l te ye a.

⁹⁶ E kominis nou an, kounye a nou sitèlman pè, kominis vin tabli, “Kisa k pral rive?” Men, ou konnen, gwo bagay la se pa kominis. Kite m di w ke kounye a, mwen pa pè kominis.

⁹⁷ Men sa m pè a, nou menm Pannkotis yo, Konsèy Ekimenik sa pral pran nou. Se bagay la sa. Li pral fòme mak bèt la, e nou pral oblije antre ladan l. Paske nou se yon òganizasyon, nou dwe antre oswa soti. Se bagay la sa, e nenpòt moun ki gen bon sans, ki esprityèl konnen sa. Nou bezwen yon lòt temwayaj sou lanmè a, nou jwenn li kounye a. Epi Pannkotis nou yo, jis ap vale l, zen pwason an, liy lan ak plon an: “Ala yon gran bagay sa va ye!” Lè, Metodis, Presbiteryen, Literyen, legliz Kris, ak Pannkotis yo, nou pral oblije nye—nye gwo doktrin apostolik nou an, pou n anndan la. Yo pral oblije fè menm bagay la. Nou p ap gen anyen pou fè ladan l. Tout sa ap konsolide ak Wòm, jis egzakteman sa ki te pwouve. Lekriti a di sa.

⁹⁸ Kisa k pwoblèm lan ak predikatè yo ki kite bagay sa yo rive nan kondisyon sa, san avèti moun yo? Bondye va rann yo responsab. Drèt nan moman difikilte sa a, yo te nan pwoblèm, yo te ladann. Se pa kominis ki enstale; se Konsèy Ekimenik la ki pral vale tout gwoup la. Epi sonje, lè w di: “P ap . . .” Sa rive, alò li twò ta. Ou te fin pran mak bèt la. Ou fè pati de li lè sa a.

⁹⁹ Pito w ale kote w ka elwaye w de li kounye a, wi, mesye, se pou w sele nan Wayòm Bondye a. Kò Kris la se Kò mistik Kris la, ki batize ladan L pa Sentespri a; yo pa fè w manm pou antre ladan L, yo pa pran w pou fè w antre ladan L, yo pa konvenk ou pou antre ladan L, ou pa pale an lang pou antre ladan L, ou pa rele pou antre ladan L. Ou fèt ladan L, pa Sentespri a. Se vre. Sètènman.

¹⁰⁰ Kounye a nou remake bagay sa yo, pwoblèm yo vini yon sèl kou. O, dyab la te gade sa epi li di: “En-en, yo te pati nan yon kolè, yo jis la ap sote ponpe, ap rele, ap pase yon gwo moman. Ou konn kisa, kounye a menm se tan pa m pou koule yo. M ap pran revanch mwen sou yo kounye a.”

¹⁰¹ Alò li te leve anlè ti mòn lan epi li kòmanse soufle souf pwazon li a, ououhh: “Jou mirak yo pase. Apre tou, mwen kwè

ke moun sa yo jis sou nè. Mwen panse yo ta dwe gen yon—yon—yon tè s mantal anvan yo pati pou chan misyonè” Pannkotis yo! En-en. Ou wè souf pwazon li k ap touye Pawòl la: “O, mwen panse Se yon lòt bagay, mwen—mwen kwè li. . .” Ou wè, y ap retounen tou drèt nan menm pwen ke tout lòt denominasyon yo, se jis egzaktman sou menm chimen an ke y ap mache. Yo va, sa bay lanmò. Lè a menm ou òganize li, sa touye l. Li toujou fè l. L ap toujou fè l. Li p ap janm leve ankò. Yo pa t janm wè sa nan listwa. Nan—nan Laj Legliz Lawodise sa, Kris te deyò legliz la, ap frape, ap eseye antre. E yo jis pa ka sipòte L. Yo pa ka koute Li. Kounye a nou wè, nan moman n ap viv la, pwoblèm mete pye.

¹⁰² Epi nou kòmanse dekouvri, mirak pa fèt ankò, tankou yo te ye a. Malad yo al lakay yo malad. Se pa poutèt Bondye. Se poutèt manke revèy nan mitan moun yo. Pa gen okenn revèy. Yo—yo chita ap koute; al lakay, di: “Ebyen, m sipoze sa te trè byen. En-en.” Ou wè, pa gen zèl sa. Pa gen bagay sa a nan moun yo ki ta dwe la.

¹⁰³ Mwen sonje kenzan de sa, isi a nan Arkansas, lè m te gen yon ti reyinyon laba a nan Jonesboro, lè te gen apeprè karant mil moun ki t ap eseye patisipe ladann, yo te vin nan reyinyon an nan yon vil ki gen anvwon kenz mil moun. Epi yo te kouche anba kamyon koton yo ak tout lòt bagay, epi yo te pwoteje timoun malad yo anba fèy papye, jis pou antre anndan. Yo te chita nan plas yo epi yo pa t vle pati, lajounen kou lannwit, e yo te fè byenneme yo al pran yon anmbègè ak yon—yon boutèy pòp; epi yo te rete la, jou apre jou, jou apre jou. Kè yo t ap boule, nan dife. Jis pou pi piti bagay Bondye te fè a, sa te mete yo an fe. E plizyè santèn nan yo te antre.

¹⁰⁴ Li toujou menm Bondye a, aswè a, ke Li te ye kenzan de sa. Li toujou menm Bondye a, aswè a, ke Li te ye lè Li te kreye syèl la ak tè a.

¹⁰⁵ Men kisa l ye? Nou tout te vin kontan anpil epi n te vle bati òganizasyon nou yo, nou te vle bati *sesi*, epi bati *sesi*, epi fè yon bagay gran epi klere, konpare ak Jones yo, ak Metodis yo, ak Batis yo, ak Presbiteryen yo. Nou pa soti nan yo. Non, nou pa sa. Yo se moun denominasyon, sa ki kòrèk, m pa gen anyen kont yo. Gen anpil bon Kreyten nan mitan yo, men ou pa ta dwe asosye tèt ou nan gwoup enkwayan sa yo. “Moun ki nye Pwisans li a,” ou pa dwe pran pozisyon avèk yo.

¹⁰⁶ Ou konnen, pwoblèm lan se ke, w ap eseye fè Hollywood antre nan legliz la. Bagay ou ta dwe eseye ap fè se fè Hollywood soti nan legliz la. Ou wè? W ap eseye fè bilding ou an tèlman bèl, w ap eseye fè denominasyon w lan tèlman gwo, jouk li va atire atansyon moun yo. Nou pa ka ale sou bò kote pa yo a. Nou dwe fè yo vini sou bò kote pa nou an. Tout bagay k ap klere, sonje, Hollywood flache ak mondanite, pandan ke Levanjil la ap reyone nan imilite. Gen yon bon jan diferans ant klere ak reyone.

Levanjil la reyone nan imilite, ak dousè, ak imilite, ak pwisans. Pandan ke Hollywood ap klere, epi tout moun ap rele byen fò epi ap braye, epi ap pral ladan l. Ou wè? Nou pa bezwen sa.

¹⁰⁷ Nou vle viv yon Limyè konsa. Li di: “Nou se sèl latè a.” “Si sèl la pèdi gou li,” sa vle di fòs li nan Levanjil la. Nou ta dwe gen yon bagay k ap bouje nan legliz nou yo, pou ke Metodis yo, Batis yo, Presbiteryen yo, ak yo tout, ta anvi vini. Nou ta dwe tèlman sale! Sèl pwodui yon swaf, li kreye yon swaf. Sèl se gou an, si li antre an kontak. Fòk gen kontak.

¹⁰⁸ E nou wè, gwo kriz kolè nou yo eseye konpare ak Metodis yo epi Batis yo, ak gwo bilding ak gwo plas, ak moun byen enstwi, ak pi gran lekòl ak pi gwo kolèj, ak tout bagay konsa. Nou pati nan yon kriz kolè, epi men pwoblèm mete pye.

¹⁰⁹ E panse esprityèl la gade toutotou epi li di: “Men, tann yon minit la a, èske nou tout pral fòse antre nan Konsèy Ekimenik sa a? Èske tout gwoup nou an nèt pral antre ladan l?” Sèten, ou prale. Se egzakteman sa. Gade pou wè si ou p ap fè l. Bib la te di ou t ap fè l, egzakteman, e Kris t ap deyò a. Lalin lan te nwasi tèt li anvan pap la vini (premye a ki te janm ale Wòm), lòt jou swa a, pou montre nou yon siy nan syèl la. San l pat prevwa, li te fè l. Ala Seyè a ap fè bagay nan jou sa, se mèveye!

¹¹⁰ Alò nan gran lè fènwa sa, lè yo te laba a, van yo te pran leve. Tout lespwa pou siviv te pati. Kounye a kisa w pral fè si denominasyon w lan antre nan Konsèy Ekimenik la? Kisa k pral rive lè sa a ak tout gran bagay nou yo ke nou te bati isi a sou tè a, dènye lespwa a fin pati?

¹¹¹ Men nou konnen, antan yo te sou pwen pou yo rele, epi tout lespwa te disparèt, yo pat ka sove; epi toudenkou, yo te wè L vini, ap mache sou dlo a. Nan moman fènwa a, Li te vini, Li t ap mache.

¹¹² Ou konn kisa? Lè Li te kite yo, Li te konnen sa ta pral rive, alò Li te grenpe ti mòn ki pi wo ki te genyen nan peyi a. Pi wo ou ale, pi lwen ou ka wè. Epi Li te grenpe anwo la pou L te ka gade yo, ou konnen.

¹¹³ E Li te konnen sa t ap vini. Li te predi ke jou sa a tap isi a. “Menm jan l te ye nan epòk Sodòm lan, se konsa sa va ye nan vini Fis de lòm lan, lè Fis de lòm lan ap revele.” Alò, Fis la dwe revele. Jenerasyon mechan ak adiltè sa a pral chache yon siy. Li pral gen yon siy. Li va rejte l jan yo te fè l lè sa a, men se va siy rezirèksyon an. Li toujou vivan, ap fè jan L te fè a.

¹¹⁴ Nou dekouvri, ke nan gran lè sa a, kote tout disip sa yo te nan detrès, Li te grenpe pou L te ka gade yo. Li te chita anwo la sou yon ti mòn, ap gade yo.

¹¹⁵ E la a Li pa t grenpe yon mòn fwa sa, men Li te grenpe soti nan tonm lan, Li te grenpe anlè a, pi lwen lalin lan, zetwal yo, jouk Li te ale sitelman wo jouk Li oblije gade anba pou wè Syèl la.

Epi men Li chita la, sou Anwo. Kounye a je L sou zwazo madan sara a, e m konnen L ap gade nou. L ap gade.

116 E isi a menm nan moman tenèb sa, lè tout legliz yo te antre nan gwo pwogram, e yo te gen pwogram *si* ak pwogram *sa*, tout pwograme tankou lòt legliz yo, denominasyon yo. E kisa k te pase? Nan moman fènwa a, lè vrè moun ki ranpli ak Lespri yo ap mande: “Kisa k pral rive? Gade pitit mwen yo!” Nonm lan di: “Gade madanm mwen! Gade *sesi*!”

117 E yo tèmine reyinyon priyè dimanch lan, oswa mèkredi swa a, bonè, pou yo ka al gade *Nou Renmen Sucy*, oswa yon bagay konsa, nan televizyon. “Moun ki renmen lemonn, plis pase renmen Bondye.” Y ap aji menm jan avèk yo.

118 Mwen te di yon dam lòt jou a, li te pote yon rad tèlman sere. Mwen di: “Sè, rad sa a twò sere. Sa ka pa parèt byen pou m di w sa, men se sa. Ou se yon Kreytèn, e ou ka vin yon obstak pou fè moun bite.”

119 Li di: “Ebyen, Frè Branham, ou konn kisa?” Li di: “Sa a se sèl kalite yo fè.”

120 Mwen di: “Yo toujou vann twal, e yo gen machin a koud. Pa gen okenn eskiz.” Wi.

121 Tande, kite m di w yon bagay, chè zanmi mwen. Se pa ke m ap plenyen kont ou. Non, mesye. M ap eseye anpeche w tonbe nan touman. Toutotan lespri sa nan ou, ou pral fè l. Se vre. Se pa yon nesans ke w dwe soti ladan l. Kounye a ou ka fè sa w vle ak remak sa, men kite m di w yon bagay, ou wè: “Sa kè w ye, se la trezò w la ye tou.”

122 Kite m di w. Ou ta ka jis pi tankou yon lis pou mari w, e ou ta ka jis pi tankou yon lis, jèn fi, pou menaj ou, men yon jou Bondye pral fè w reponn poutèt ou komèt adiltè. Ou koupab lè w abiye konsa. Jezi te di: “Nenpòt moun ki gade yon fanm pou gen lanvi sou li, deja komèt adiltè avè l nan kè l.” E lè nonm sa gen pou reponn, pechè sa, poutèt li gade w, poutèt li komèt adiltè, kimoun ki te prezante l ba li? Panse a sa. Noumenm fanm Pannkotis yo, wont pou nou! Ou wè? Wont pou nou!

123 Mwen renmen nou, se pou rezon sa m ap di sa. Lanmou korektif.

124 Nou nan yon gwo kriz, yon gwo kriz rad. Se jis tankou, epi se alamòd tankou mond lan. Li di: “Pa renmen lemonn, ni bagay nan lemonn yo; si w fè sa, lanmou Bondye pa menm nan ou,” M pa bezwen konnen nan ki pwen ou pale an lang, sote ponpe, danse, koupe cheve, mete rad konsa. Noumenm mesye yo pèmèt li. Pwòp fwi pa w yo di w ki kote w ye. Se egzakteman sa. Se pa etonan nou nan yon dezòd konsa tankou nou ye a, ak van kominis yo, van legliz, van òganizasyon ekimenik!

125 Se yon—se yon tan pou reyini, yon tan pou sendika. Sendika yo ap sendikalize travayè yo, y ap diskite sou sa. Nasyon yo avèk

Nasyon Zini yo—yo, y ap ini. Legliz yo ap ini ansanm. Kisa tout sa ap montre? Sa ap montre ke Kris ak Lepouz ap pare pou ini. Men de kisa sa ap pale. Tout lonbraj bagay sa yo ap montre vini pozitif la. Obsève kounye a pandan n ap fèmen, paske m ap pran twòp reta.

¹²⁶ Epi kounye a remake, nan gran moman sa a lè tout lespwa te pèdi, pou siviv, yo te wè Yon Moun ap vini, ki tap mache sou dlo a, ki tap pwoche bò kote yo. Epi bagay la, pati tris la, koute byen, sèl bagay ki te ka ede yo, yo te pè l. Yo te di: “Sa sanble yon fantom. Sa te ka, ou konnen, yon espri.”

¹²⁷ Si sa p ap rive ankò! Yo pè Li. Yo pè pou ke se pa predi lavni, yo pè pou ke se pa on jan de pwisans demon; lè Jezi te di Sa ta pral rive jodi a. Sèl bagay ki ka ede yo se Jezikri. Se pa yon lòt denominasyon, se pa yo tout ki reyini ansanm; sa jis pral fè l vin pi mal pase tout tan. Sèl bagay ki ka ede w se Jezikri.

¹²⁸ E lè Li te pwomèt pou L retounen nan dènye jou yo, sou fòm sa, epi fè sa, ke Li te pwomèt (jis tankou anvan pitit gason pwomès la te retounen jwenn Abraham, premye semans lan) ke semans wayal Abraham lan, Jezi t ap. . . te di t ap wè menm bagay la. Anvan Pitit ki te pwomèt la, Bondye t ap manifeste Tèt Li nan lachè epi fè egzaktman menm jan Jezi te fè l, jan Li te di Li t ap fè, jis jan L te di l t ap fèt nan dènye jou yo. Epi men tout pwomès sa yo, ke nou te ka prezante yo, pa plizyè douzèn, drèt la devan w, ke sa sipoze rive.

¹²⁹ Epi legliz yo, ki ta dwe ak bra yo louvri, pou resevwa Li, “Mwen yon ti jan pè Sa. Li pa fè pati gwoup nou an, ou wè.” E yo pè Li. Sèl bagay ki ka mennen yo vin jwenn Kris, se Kris Limenm, e yo pè ke Sa fè pè. “O, m pa konnen. Sa ka gen espri, ou wè. E mwen gen dout sou Sa.” Yon perèz de sèl bagay ki ka ede yo.

¹³⁰ Epi nan moman fè nwa detrès sa, legliz eli sa, gwoup sa ki te chita la, yo te pè ke se pat yon fantom, yo pat vle gen anyen pou wè ak sa. Se alò ke Vwa dous sa a te vini: “Nou pa bezwen pè. Se Mwen.”

¹³¹ Li se Pawòl la, se pa sa L ye? Li pa janm chanje, pou L Pawòl la. Kounye a èske w pa ka tandè Pawòl la di, aswè a: “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou pa bezwen pè; se Mwen?”

Annou bese tèt nou.

¹³² Papa nou ki nan Syèl la, aswè a—a fè cho. Lè yo fè nwa, men Dife a pati kite lotèl la. W ap glane nan chan an. Ou di: “Wayòm lan se tankou yon nonm ki te pran yon nas epi ki te ale nan lanmè a, li voye l ladan l, epi lè l te fè l soti. Wayòm lan te konsa.” Seyè Bondye, yon jou dènye pwason sa ki nan dlo sa a! Ou di: “Yo te pran tout kalite.” Nas Levanjil sa a atrap tout kalite; li te atrap tòti, kribich, arenyen, sèpan, pwason ki manje chawony. Nou pa konnen kisa l atrap, men te gen kèk pwason la Ou te chache. Ou se Sila ki Jij la. Men nou reyalize, byen vit tòti a, kribich la, ak

tout bagay, retounen nan twou labou a ankò, tounen nan dlo yo. Men yon jou dènye pwason sa ki òdone, predestine pou vini an, dènye pati Kò sa a, pral rale soti nan lak sa.

¹³³ Ou te voye yon nas nan epòk Luther, ak Wesley, Alexander Campbell, John Smith, Calvin, Knox, Finney, Sankey, elatriye; nan laj Pannkotis la, epòk F. F. Bosworth, ak Frochman, gran mesye sa yo. Ou te voye nas, nan epòk Billy Sunday, pandan tout laj la.

¹³⁴ Epi kounye a Ou toujou ap pakouri lanmè a. Èske gen youn nan yo ki chita isi a aswè a, Seyè? Si se sa, se pou yo tankou ti fanm sa bò pi a. Menm nan eta pwostitye l la, li te toujou rekonèt ke Ou te Mesi a. Li te wè siy sa. Se te regle. Li di: “Mwen wè Ou se yon pwofèt.” Li pa t gen okenn lide ke sa te ka Mesi a. Li di: “N ap chache yon Mesi,” nan lòt mo. “Nou konnen lè Mesi a va vini, Li va di nou bagay sa yo.” Epi Ou di: “Mwen se Li.” Se te regle.

¹³⁵ Kounye a, aswè a, Seyè, kite yo wè ke, “Se Mwen; nou pa bezwen pè. Se pwomès Mwen.” Geri malad yo, Seyè, sove moun ki pèdi a, ranpli sa ki vid la.

¹³⁶ Se pou nou pati aswè a, epi di nan kè nou, pandan n ap pati, tankou sa yo ki te soti Emayis: “Èske kè nou pat boule anndan nou pandan Li t ap preche nou aswè a nan bilding lan, Prezans Divin Li!” Kijan yo te konnen se te Ou, yo te envite W antre epi je yo vin louvri. Se pou nou chak, aswè a, envite W antre. Si nou pa konprann Li, se pou nou envite W antre, kanmenm. Se sèl fason Ou ka revele Tèt Ou.

¹³⁷ E nou remake fason Ou te revele Tèt Ou apre rezirèksyon Ou, Ou te fè yon bagay nan menm mannyè Ou te fè anvan krisifiksyon Ou. Kounye a vini aswè a, Seyè, Ou te di Ou te “menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Fè ankò, pou nou, tankou Ou te fè nan epòk lè Ou te kanpe isi a nan lachè, sou tè a. Nou pral lakay nou, ak kè kontan, tankou sa yo. Nan Non Jezi nou priye. Amèn.

¹³⁸ Kounye a nan sèvis la, aswè a, mwen konnen li fè yon chalè tèrib, e nou te gen ven minit pou soti a tan. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Mwen se . . .

¹³⁹ Mwen pa ka rete oswa anpeche bagay ke m fè yo. Mwen kondwi pa Yon Bagay, se sa mwen te toujou ye, pandan tout vi m, e Li te toujou gen rezon. Li pat janm di m anyen ke sa ki te nan Bib la. Mwen pa ka rete l. Mwen pa ka fè anyen sou sa. Li jis fè li, kanmenm. E mwen sèten, si m obeyisan, te gen yon moun ki bezwen li. E m va rete fidèl. Epi nan Jou sa a, mwen vle, tankou gran Sen Pòl te di a: “Pa gen san pèsonn ki sou men m.” En-en. Mwen—mwen vle di nou Laverite. Pa tankou mwen . . . Mwen renmen nou.

¹⁴⁰ E si w te gen yon ti gason . . . Kounye a panse a sa, madam, ou menm ke mwen te reprimande yon ti tan de sa, noumenm sè yo ak cheve koupe ak bagay sa yo. Si mwen . . . Si w ta gen yon

ti gason ki chita nan lari a, epi ou te di: “Junior, cheri, pito ou ta antre, cheri. Sa te ka, m pa konnen, petèt y ap kondwi bò kote w.” Ou pa renmen timoun sa. Se vre. Ou va soti deyò epi ba l yon bèl koreksyon, oswa fè l antre. Se vre. Ou renmen l.

¹⁴¹ Se fason sa Levanjil la ye. Bondye renmen w. “E sila ke Li renmen yo, Li pini epi L reprimande chak timoun ki vin jwenn Li.” Si nou pa ka sipòte chatiman, nou ale epi n fache akoz de sa, alò nou se timoun ki pa lejitim, nou pa pitit Bondye. Alò jis sonje, se jis Lekriti a.

¹⁴² Kounye a yon mo nan men L, yon mo, ap vle di plis pase sa m te ka di, nan yon milyon vi. Se Li. Nou konn pwomès Li. Nou konnen kisa Li te pwomèt pou fè. Kounye a mwen pa konnen si . . . èske . . . nou pral apati de . . .

¹⁴³ Èske li te bay kat ankò? Èske w te bay kat jodi a? Kisa l te ye? J, se kòrèk. Dakò, pou sove tan, annou jis kòmanse apati de nimewo en. Kounye a, petèt yo nan tout bilding lan. J, nimewo en.

¹⁴⁴ Epi kounye a nou pran yo nenpòt kòman. Nou te kòmanse apati de, yon fwa, apati de *isi*, yon fwa de la, pafwa n ale vini, epi n ale ozalantou, men nou pran yo nenpòt kòman bò isit la. Men chak moun ki vini, chak jou, gen yon chans pou yo vini nan liy lan. Sa pa vle di paske ou isi a . . .

¹⁴⁵ Konbyen moun ki konnen, nan reyinyon sa, te gen prèske de fwa pou moun ki te geri nan oditwa a, pase te genyen ki te geri isi a sou lestrad la? Se sèten, ou konn sa. Ou wè, yon kat pou lapriyè se jis senpleman pou mennen moun yo isi a sou lestrad la, pou ke Sentespri a vini nan mitan yo, paske se sa ke n abitye fè. Nou pa menm oblije fè l touswit. Nou ka kite kat pou lapriyè yo tonbe.

¹⁴⁶ Jis tankou nou te fè yè swa, nou pa t janm gen kat pou lapriyè yè swa. Sentespri a te ale bò sila yo ki pa t gen kat pou lapriyè. E m te wè anpil bagay ke mwen pa t di anyen sou yo, paske m pa t konnen si se te sa ou pa. Li te toujou fè nwa anlè yo, e mwen jis kite sa trankil. Mwen pa t konnen. Li pa t ap itil anyen pou rele yo. Kèlkeswa sa L di a se vre, kifè koute sa L di.

¹⁴⁷ Kounye a èske w te di se te J? J, nimewo en? J, nimewo en. Ki moun ki gen kat pou lapriyè a? Leve men w. Ou dwe fè erè, pitit gason m; dwe gen kèk . . . O, m regrèt. O, deyè nèt sou miray la deyè a. Vini isit la, madam. Yo—yo jis pote kat sa yo kounye a, ti gason an, Frè Borders oswa Billy, youn, pafwa toulède, yo melanje kat sa yo devan w, epi ba w kat ou a, kèlkeswa sa w vle a. Nou pa konnen, yo jis . . . *Sila* a te ka jwenn nimewo senk, e *sa* a jwenn nimewo sèt, *sila* a jwenn nimewo kenz, epi *sa* a katrevenkenz, e nou pa konnen. Epi, ankò, lè m vini, mwen jis, kèlkeswa kote sa vin sou kè m, mwen rele apati de la, kèlkeswa kote l ye a. Mwen jis . . . Si m di . . . Pafwa mwen konte konbyen ki nan yon ranje, epi divize l pa sa yo ki nan ranje sa a epi m jwenn

yon repons. Ou wè? Epi, si m pa fè sa, franchman, mwen jis . . . kèlkeswa sa ki vin nan panse m an premye, mwen rele.

¹⁴⁸ Nimewo en. J, nimewo de. Nimewo de, nimewo twa, nimewo kat, nimewo senk, nimewo sis, sèt, uit, nèf, dis, kite yo vini, ou wè. Youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis. Sa bon. Se fason sa a, vini dwat . . . Tann, youn te ale nan lòt direksyon an. Mwen te . . . Youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf. Se kòrèk. Kounye a, isit la, men li, dis. Dakò.

¹⁴⁹ Onz, douz, trèz, katòz, kenz. Sa se senk an plis. Youn, de, twa, kat, senk. Bon, sa bon.

¹⁵⁰ Sèz, disèt, dizuit, diznèf, ven. Youn, de, twa, kat. Mwen sèlman wè kat. Ven, èske ven te reponn? Dakò. Bon, nou pa vle gen twòp moun ki kanpe alafwa. Kounye a si nou fini ak sa yo, e li bonè ase, nou pral pou kèk an plis. Nou pa rele . . . Petèt nou . . .

¹⁵¹ Ann eseye kèk an plis. Ann eseye senk an plis. Venteyen a vennsenk, nan J yo, kite yo kanpe si nou vle. Venteyen a vennsenk. Youn, de, twa, dèyè nèt laba a, kat. Youn, de, twa, kat, sa se senk. Dakò, kounye a annou jis rete la. Gen vennsenk nan liy lan, e y ap—y ap aliyen isi a.

¹⁵² Kounye a mwen pral mande nou yon favè. Èske n ap ban m tout . . . Bay Bondye tout atansyon nou, pandan pwochen kenz, sèz minit yo. Èske n ap fè sa? E èske n ap fè sa, louvri kè nou? Kounye a sonje sa m te di a. Pa kite l glise sou do w, tankou dlo k ap glise sou do yon kanna, jan ansyen pawòl la di a. Pa fè sa. Konsidere Sa.

¹⁵³ Si m di nou nenpòt bagay ki pa nan Lekriti, epi yon pwomès pou lè a, nou gen obligasyon pou n wè manadjè a isi a epi vin pale m de sa. Se vre. Mwen—mwen pa anseye anyen ke sa ki nan Pawòl la. E si m rete dwat ak Pawòl sa, e si m di Se fason sa, e Bondye . . . Se nan Bib la. Si Zanj Seyè a te di m yon bagay ki pa t nan Bib la, se pa t ap Zanj Seyè a. Se vre. Li pa janm di m yon sèl fwa anyen ke sa ki te nan Pawòl sa a, e nou rann mwen temwayaj. Li pa janm di yon sèl bagay, sou plizyè santèn de milye e de milye, ak lang yo ki nan monn lan, èske Li te janm di yon sèl fwa yon bagay ki pa bon, oswa di yon bagay ki pa t rive.

¹⁵⁴ Tande. Mande manadjè a avè yo isit la. Sa ke nou tout wè la a, se kote amatè a pou sa. Èske se vre, frè yo? [Frè yo di: “Egzak.”—Editè a.] Enben, laba a, epi nan lavi prive, lè Li di: “Al *tèl* kote, e ou va wè *sesi*. E *sesi* pral rive. Epi di *sesi* la, kote sa *isi a*.” Sa jis kontinye, tout tan, ou wè, tout ane a. Moun ki nan oditwa a jis wè ti bagay yo—yo. Men kounye a si nou vle gen respè.

¹⁵⁵ Kounye a èske tout moun ki nan liy priyè sa a, ki kanpe isi a, se etranje pou mwen? Leve men nou si nou se sa. Dakò. Konbyen moun ki la a, ki konnen ke m pa konn anyen sou nou? Leve men nou. Kounye a pandan . . . Mèsi. M pa bezwen konnen kote w ye a, si w anwo nan balkon an, si w apiye sou miray la, bò *isit la*, kèlkeswa kote w ye a. Mwen pral . . .

156 Kounye a, sa se pou byen w. Sa se pou avantaj ou. Ou wè, sa se pou avantaj ou.

157 Mwen te panse ke se te pitit pitit gason m lan ki t ap pale avè m la a, men se pa t sa. Mwen gen yon pitit pitit gason isi a yon kote, aswè a, li apeprè gwochè sa, e mwen te panse se te ti Pòl. Li te toujou di li pral vini, kanpe sou lestrad la, pou preche pou mwen, e li jis poko menm fin gen dezan. Mwen panse ke ti gason sa a ap chache manman l.

158 Kifè sonje, m ap eseye ede nou. Mwen . . . Bondye konnen sa. M ap eseye ede nou, ou wè. Kounye a gade, mwen vle nou jwenn avantaj la, si Li vini nan mitan nou.

159 Kounye a panse a sa, Pèsonaj Jezikri a k ap travay nan lachè, jan Li te pwomèt Li t ap fè l alafen an. Konbyen moun ki konnen Li te pwomèt sa? Jis jan sa te ye laba a nan Sodòm, lè Zanj lan ak do L te vire, e . . . Se te Bondye. Èske w kwè ke se te Bondye? Konbyen moun ki kwè ke se te Bondye? [“Amèn.”] Sèten, se te sa. Bib la te di se te sa. E Li, Jezi, te pale de sa. Kounye a remake.

160 Kounye a noumenm la a ki pa gen kat pou lapriyè, mwen vle nou fè yon bagay pou mwen, kèlkeswa kote nou ye a. Kounye a sonje, bagay sa yo, gade lè Li di w ou geri, oswa sa Li di w pou fè. Gade sa L di. Si Li jis di w, sa se pou bati lafwa w. Epi lè lafwa w rive nan yon pwen, ou jis lonje men w epi aksepte Bondye. Se pa mwen, paske Papa ki nan Syèl la konnen.

161 Mwen gade nan liy sa a isi a, mwen pa wè yon sèl moun ke mwen konnen. Mwen ka wè sèlman apeprè de oswa twa moun nan tout oditwa a, ke mwen konnen. E mwen pa konnen, kounye a menm, si mwen ka di, montre yon sèl. Mwen konnen ke Edmund Way te isi a kèk minit de sa. Mwen te panse mwen te wè li, e mwen—mwen te rate . . .

162 Si m pa twonpe m, mwen wè yon moun mwen konnen, se yon nonm ak madanm li, ak yon ti fi, ki rele Fritzinger, ki soti laba a nan Ohio. Èske sa se, èske w se Fr- . . . sa Frè Fritzinger? Ou chita ou jan nan yon ti koub kote . . . Sa se Frè ak Sè Fritzinger, ki soti Ohio, se zanmi m yo ye.

163 Epi apa de sa, sila ki chita dèyè a la, se yon . . . Mwen wè sou kote bò isit la, se yon granmoun ki gen katrevendezan, non l se William Dauch. Li menm ak madanm li. Li se yon enfimye. William Dauch, nan Ohio, yon zanmi trè pèsonèl mwen. Sa pa fè lontan, li te gen katreven onzan, li te gen yon kriz kadyak konplè, yon atak kè, epi madanm li te rele m, pou m vini touswit, li t ap mouri la menm. Epi sou . . .

164 Li te tèlman yon bon zanmi pou mwen. Antan m te sou wout mwen pou m t al wè l, mwen te enkyè. Epi m te kanpe, epi youn nan wou m yo te vin deregle, li te jis ap koupe kawotchou m lan an miyèt moso, epi m te ale nan yon estasyon Texaco, m te fè enpe gaz, epi yo te soti, yo te gade l. Epi m te leve je m gade, epi m te wè Frè Dauch ki t ap mache vini nan legliz mwen an, ap

ban m lanmen. Mwen di: “Lwanj pou Seyè a.” E m te gade dèyè nan direksyon sa, e men li ki te desann nan lari a, e li te ban m lanmen. Mwen t al jwenn li.

165 Mwen te wè doktè li a, yon jenn Jwif, oswa yon nonm nan laj mwayen, yon mesye Jwif. Epi m di: “E li, doktè?”

166 Li di: “Li pa menm gen yon ti chans pou l soti nan sa.” Li di: “Li anba tant oksijèn lan.” Li di: “Li pral mouri drèt la.” Li di: “Sonje, li gen katrevenonzan.”

Mwen di: “Wi, mesye.”

167 Li di: “Se yon kriz kadyak konplè. Anyen pa ka fèt.” Li di: “Se tan pou l ale.”

168 Epi mwen di: “Wi, mesye. Men, non, li pa prale. Se tou.”

169 Mwen te antre, mwen mete men m anba tant lan. Mwen di: “Frè Dauch, èske w ka tande m?” Li leve je l gade m. Bon vrèman, nan non li, li se yon Alman, D-a-u-g-h, e mwen jis pwononse l Dauch, ou wè. E mwen—epi mwen mete men m anba tant lan, epi mwen di: “Ou tande m, Frè Dauch?”

Li di: “Wi.”

Mwen di: “Ou pa prale. Mwen fin wè ou pa prale.”

170 Yon semèn apre sa, kiyès ki te kanpe nan legliz mwen an, kimoun ki vini ap mache nan legliz la ke Frè Dauch! M te kite reyinyon an epi m t ale bò rivyè a, nan yon kafeterya, pou m manje. Epi lè m te soti nan machin lan, epi m t ap mache nan lari a, men Frè Dauch ki vini ak men l lonje. Vizyon sa yo pa fayi.

171 E mesye sa a ki gen katrevenonzan, e ki asiste a chak reyinyon, te nan Kalifòni. Èske w ta jis vle leve men w, Frè Dauch? kote w chita la, pou ke moun yo va wè kisa yon vrè sòlda ye kounye a. Isi a, li chita drèt la, ou wè, katrevenonzan, epi li asiste a chak reyinyon. Lè m nan tabènak la, li kondwi plizyè santèn kilomèt chak jou, pou tande m preche yon ti sèmon, epi retounen. Bondye: “Va gen Limyè nan tan aswè a.”

172 Mwen di, lòt jou a mwen t ap pale avè l, mwen di: “Kisa m ka fè pou ou, Frè Dauch?”

173 “Jis yon sèl rekèt, Frè Branham. Lè Li vini, mwen vle ale avè L.”

174 Mwen di: “Pa enkyete w. Sa se asire. Sèten.” Bon, nonm lan vini, li te batize, o, li te vini epi li te resevwa batèm Sentespri a ak tout bagay, jis yon mèveye sèvitè Kris.

175 Kounye a mwen pral mande tout moun, pou vrèman gen respè, gade nan direksyon sa epi priye.

176 Kounye a konbyen anseyan isi a ki konnen ke Li se Gran Prèt la, kounye a menm, ki ka touche pa santiman enfimite nou yo? Ebyen, si Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, e menm Gran Prèt la, Li t ap ajì menm fason an. Sèlman, Li, kò Li nan . . .

sou Twòn Bondye a. Konbyen moun ki konn sa? [“Amèn.”] Kò Jezi a sou Twòn Bondye a. Men Li itilize kò nou pou manifeste Tèt Li atravè l, jis tankou Li te pwomèt pou fè. “Zèv ke Mwen fè yo nou va fè yo tou.”

Mwen pral mande nou pou n ret chita trankil, pou n gen respè, veve, priye.

¹⁷⁷ Kounye a, Papa ki nan Syèl la, mwen te eseye jis gen respè jan m konnen kijan pou fè, konsènan sa. Kounye a jis yon mo nan men Ou kounye a, Seyè, e apre sa se pou ti Vwa trankil la desann nan oditwa sa a pou di: “Se Mwen; nou pa bezwen pè.” Akòde l, Papa. E mwen remèt tèt mwen ba Ou, avèk Mesaj ki te preche aswè a, ak Pawòl Ou ki dwe konfime. Ou pa oblije fè l. Men si W ap fè l, oswa Ou fè l, paske se sa Ou te pwomèt. Mwen priye ke Ou va akòde sa, nan Non Jezi. Amèn.

¹⁷⁸ E tout moun vrèman gen respè, jis vrèman gen respè. Kijan w ye? Kounye a m ap ba w Lekriti pandan n ap avanse. Si Seyè a fè l, mwen pa konnen. Men ji- . . . Epi m t ap preche konsa, ou wè, sa se yon kalite onksyon. Sa se yon lòt kalite onksyon. Sa te jis beni w. Sila a, jis yon sèl bagay, ou jis prèske san vi.

¹⁷⁹ Bon dam lan kanpe isi a. Mwen pa janm wè l nan vi m. Èske nou se etranje? Mwen kwè ou te di, on ti tan de sa, mwen pa t konnen w. Bondye konnen w. Li konnen m. Èske ou konnen ke poutèt nou kanpe isi a la kounye a, nou pral oblije reponn pou sa nan Jou Jijman an? [Sè a di: “Amèn.”—Editè a.] Ou okouran de sa? Ou konnen ke sa n ap fè kounye a, Bondye pral fè nou reponn pou li laba a? Mwen jis di sa nan yon entansyon. Kounye a, si Seyè Jezi a revele m sa w ap fè, kisa k nan panse w, oswa yon bagay konsa, èske w ta kwè l? Ou ta dwe kwè sa, pa vre? [“Amèn.”]

¹⁸⁰ Èske nou t ap kwè l, nou menm ki la nan oditwa a?

¹⁸¹ Kounye a nou kanpe jis egzaktman tankou fanm nan bò pwi a, ak Seyè nou an, yon nonm ak yon fanm k ap rankontre pou premye fwa yo. Ou wè? Men nou la, ap rankontre pou. . . Sa se Sen Jan chapit 4 la. Kounye a si Sentespri a va di. . . Si w isi a pou yon lòt moun, si w malad, si se pwoblèm famiyal, si se pwoblèm finans, kèlkeswa sa l ye a, mwen pa gen okenn lide. Men Li konnen. Men Li ka disène panse ki nan kè w. Li se Pawòl la. Mwen pa kapab. Mwen se yon nonm. Ou jis on ti jan nève, e se pou rezon sa m ap fè sa, ou wè.

¹⁸² Sa se youn nan pwoblèm ou yo, se nèvozite. Se vre. E ou gen dyabèt tou, sa se yon lòt bagay ki pa ale byen avè w. Se vre. Konplikasyon, jis anpil bagay ki pa ale byen. Èske se vre? Si se vre, leve men w anlè. Ou wè? Èske w kwè L ap geri w? [Sè a di: “Mwen kwè sa.”—Editè a.] Ou kwè? Kounye a, nèvozite w la se laj ou ki lakòz li, ou wè, men kounye a tout sa pral kite w. E mwen kwè ke pa lafwa nou pral sou Kalvè a, gen yon transfizyon San.

¹⁸³ Kounye a, se jis egzaktman sa Li te fè. Li te di madanm nan pwi a kisa pwoblèm li a te ye. Pa l la se te twòp mari. Pa w la se te

kisa . . . Mwen panse se te nèvozite, ak de oswa twa lòt bagay an plis ki pa ale byen avè w. Se vre, èske se pa vre? Se menm bagay la.

¹⁸⁴ Kounye a, lè L vin bò kote Simon, Li te di l kimoun li te ye. Ou kwè Bondye ka di m ki non ou? Èske sa t ap fè w kwè plis? Li tap fè l? Madam Strong . . . [Sè a di: “Stout.”—Editè a.] Stout, èske w tap kwè? Ale epi kwè, epi ou . . . Se fini. Amèn.

¹⁸⁵ Vini. Ou kwè? Mwen se yon etranje pou ou tou. Mwen pa konnen w. Bondye konnen w. Èske ou kwè ke Li ka revele m kisa pwoblèm ou an ye? E si Li fè l, alò se pou Seyè Bondye a beni. Èske se vre? [Sè a di: “Wi, se vre.”—Editè a.] Kounye a ou pa—ou pa bezwen enkyè, ou wè, se—se Li, ke ou santi sa. Dakò. Ou ap soufri tou de yon kondisyon nè, nè mantal, epi nenpòt ti bagay fese w atè fasil. Epi w ap soufri ak yon pwoblèm nan vesi fyèl ou, gen yon bagay ki pa ale byen ak fwa a, epi ou anemi. Se vre. Ou gen yon bagay . . .

¹⁸⁶ Gen yon nonm k ap parèt san rete devan m lan isi a. Èske w kwè ke Bondye ka geri w? [Sè a di: “Wi, mwen kwè.”—Editè a.] Geri mari w, tou, fè l vin byen? Ou panse pwoblèm nan lestomak la pral pati, epi li pral vin byen? Se de sa l ap soufri. Al mete men w sou li, di l sa, e sa va—sa va kite l.

¹⁸⁷ Mwen se yon etranje pou ou. Seyè Jezi a konnen nou toulède, pa vre? Èske w kwè ke Bondye ka fè w vin byen? Si Seyè Jezi a va revele m bagay ki . . . ke ou . . . ki nan kè w, èske w kwè ke L ap fè w vin byen? Ou te gen kèk pwoblèm. Ou gen yon—yon—yon pwoblèm nan vesi fyèl, pou yon bagay. E yon lòt bagay, sa te lakòz vesi fyèl ou gen yon maladi ilsè, men se sa doktè w te di. Kounye a, yon lòt bagay se, ke yo vle opere pou sa. Se egzakteman sa. Èske se pa vre? Kounye a èske w kwè Li ka detounen sa? Ou panse ou gen lafwa nan Li? Kounye a ou konnen se pa mwen k ap fè sa. Ou kwè? Dakò. Ale, e jan w te kwè a, se konsa sa va ye pou ou.

¹⁸⁸ Nou se etranje youn pou lòt, mwen sipoze. Seyè Bondye a konnen nou toulède. Èske w kwè Li kapab revele m bagay ki ta ede w? [Sè a di: “Wi, mwen konnen sa.”—Editè a.] Ou, ou kwè L ap fè l. [“Pozitif.”] M ap di . . . “Pozitif,” sa bon anpil. Sa trè byen. Kounye a ou gen anpil bagay ki pa ale byen avè w, tèlman anpil konplikasyon ak bagay sa yo, epi yon espès de tous, epi ou pa ka debarase w avè l. E ou vrèman nève. Epi—epi sa, se vre.

¹⁸⁹ Apre sa, ou gen yon chay sou kè w, e chay sa se pou yon moun, ki se pitit gason w. E li gen yon—yon pwoblèm, kèk pwoblèm famiyal. Limenm ak madanm li, yo toujou ap diskite epi yo pa sispann . . . ? . . . E ou akable pou sa. Se vre. Kounye a ou kwè ak tout kè w, e tout sa pral vin klè epi l ap disparèt. Ou kwè kounye a. Seyè a beni w.

¹⁹⁰ Kijan w ye, mesye? Mwen se yon etranje pou ou, e—e ou se yon etranje pou mwen. E sa—sa kòmanse . . . Vizyon yo la, mwen

wè, sanble tout kay la ap vin klere, tankou yon jan de toubiyon konsa k ap vire toupato. Ou wè? Men èske w kwè ke Seyè Jezi a te ka revele m pou kisa w kanpe la? Ou kwè ke Li t ap fè l? Mwen kwè sa, tou. M jis ap pale avè w, pou m kontakte lespri w, se egzakteman pou sa m ap fè l. Ou wè, kòm m pa konnen w, kifè dwe gen yon lòt bagay anplis de mwenmenm ki pou fè l. Mwen dwe elwaye tèt mwen jis tèlman nèt de mwenmenm, pou ke Li fè l Limenm. Ou konprann?

¹⁹¹ Kounye a, yon bagay, w ap soufri ak yon kokennchenn kondisyon nè, e kondisyon nè sa te la depi kèk tan. Se vre. E kondisyon nè sa a lakòz ou gen yon tansyon wo, tou. E ou te fè yon stwok. Se sa. Ann di, swa ou te yon predikatè, oswa ou se yon predikatè. Kounye a ou se yon predikatè; mwen wè w kanpe dèyè yon chè. Alò, gen lafwa nan Bondye, e nèvozite sa ap kite w. Tout minis yo gen sa. W ap vin byen. Retounen sou chè w, epi obeyi Bondye epi rete fidèl a Pawòl sa, Jezikri.

¹⁹² Ou kwè pwoblèm do w la te kite w, lè w te chita sou chèz la? Èske w kwè li? [Sè a di: “Wi.”—Editè a.] Dakò, mesye, alò jis kontinye vanse, di: “Mèsi, Seyè.”

¹⁹³ Vini, madam. Kijan w ye? Ou kwè m se sèvitè Li? [Sè a di: “Sètèn m kwè.”—Editè a.] Dakò. Èske w kwè pwoblèm feminin sa, pwoblèm jinekolojik ou yo, pral kite w? [“Amèn.”] Ou kwè? Alò ale, di: “Mèsi, Seyè.”

¹⁹⁴ Pwoblèm ren, pwoblèm do, nan do w. Èske w kwè ke Bondye ap geri w epi pral fè w byen, apati sa a? Ou kwè ke Li pral fè w byen? Dakò, pran. . . ? . . .

¹⁹⁵ Vini, madam. Mwen se yon etranje pou ou. Si m pa t di w anyen, ditou, èske w tap kwè ke Prezans Bondye isi a pou geri malad yo? [Sè a di: “Sètènman, mwen kwè li.”—Editè a.] Ou t ap kwè? Ebyen, si w kwè, pwoblèm lestomak ou a. . . Mwen fin di w, ou wè. Li—li pati. Mwen te di w, ou wè.

¹⁹⁶ Kijan w ye, mesye? Bondye viv nan kè a. E kè w te parèt isi a dènyèman la, move. Èske w kwè ke L ap fè l vin kòrèk? Al fè wout ou epi kwè li. Bondye beni w. Ou kwè; L ap fè l vin kòrèk.

¹⁹⁷ Ou sou nè, sa te lakòz ou gen yon pwoblèm nan lestomak, yon ilsè nan lestomak. Sa deranje w apre w fin manje. Ou kwè tout bagay ale kounye a? Al chache yon bagay pou tèt ou pou manje.

¹⁹⁸ Sa on jan di pou ou leve kanpe, do a te tèlman ap deranje w. [Pasyan an di: “Wi, mesye.”—Editè a.] Sa p ap deranje w ankò, si w kwè l. Èske w ap kwè? [“Wi, mesye.”] Dakò, kontinye, e ke Seyè Jezi a fè w byen nèt.

¹⁹⁹ Poukisa w sitèlman sou nè? Jis kontinye, di: “M p ap gen nè ankò,” epi ou p ap genyen l. Ale epi kwè. Dakò, mesye.

²⁰⁰ Vini, madam. Kounye a, yon fanm Letiopi a, ak yon gason blan, jis egzakteman yon bagay konsa ki te pase nan jou sa, avèk Jezi. Yo te gen yon segregasyon tankou yo te konn genyen nan Sid

la, men nou pa genyen l ankò. Jezi te fè yo konnen ke tout moun se te pèp Bondye. Pa t gen okenn diferans, ou wè, menm si l te Jwif oswa Samariten.


²⁰¹ Kounye a, si Bondye pa ede w, trè byento atrit sa va paralize w. Men èske w kwè Li pral ede w, fè w byen? Jis tankou fanm lan te fè l la, al fè wout ou epi di pèp ou a ki gwo bagay Bondye fè pou ou. Dakò.

Kounye a, gen yon chirijyen ki pare pou retire yon kouto.

²⁰² Jis yon moman. Se pat madanm sa. Kounye a, jis yon moman, tout moun gen respè kounye a. Se—se Satan, ki te eseye fè yon bagay. Men sa li ye. Timè, timè, nou toulède. Se vre. Ou gen timè, li gen timè, epi demon sa ki t ap rele pou jwenn èd nan men lòt la. Men Sentespri a ap rele, tou. Ki moun ou pral kwè, Li? Dakò. Leve soti nan branka sa, madam. Leve soti nan branka sa. Leve soti sou sa, epi kwè. Ale, kwè L kounye a. Amèn.

²⁰³ Èske w kwè? Tout bagay posib. Èske w kwè? E nou menm nan oditwa a?

²⁰⁴ Annou kanpe sou pye nou kounye a menm. Kounye a menm se moman pou fè l. Ke chak moun . . . Bondye beni w. Ke chak moun kanpe sou pye w kounye a menm. Bay Bondye lwanj. Leve men nou.

²⁰⁵ Mèsi, Seyè Jezi! Nou louwe W pou grandè W, ak gerizon Ou pou malad yo. 

64-0307 Yon Temwayaj Sou Lanmè A
Tanp Soul's Harbor
Dallas, Tegzas Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papey kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org